



Pou Piblikasyon Imedya: 26/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU REFERANDÒM EGALITE MARYAJ NAN IRELAND

Gouvènè a mande Port Authority pou limen limyè nan tèt somè nan youn nan World Trade Center nan koulè lakansyèl dimanch kap vini an

“New York te yon lidè nan batay pou egalite maryaj, e jodia desiyon Tribinal Siprèm la afime ke nou batay anpil pou – maryaj sa ki se yon dwa fondamantal ke tout moun ta dwe genyen kèlkeswa moun yo renmen. Lè nou te pase Lwa sou Egalite Maryaj nan 2011, New York te voye yon mesaj bay peyi a ke li tan pou yo mete fen nan youn nan pi gwo enjistis sosyal, e mwen kontan dèske m wè Tribinal la rejwenn nou nan bon pati istwa a. Divize moun yo an premye ak dezyèm klas sitwayen non sèlman pa bon, li fonksyone kontrèman a sa nou ye antanke yon nasyon. De Stonewall a Edie Windsor, Nouyòkè yo te toujou alavangad nan batay pou asire egalite ak jistis pou tout moun. Jodia, nou se Nouyòkè ansanm avèk Ameriken ki fyè. Jodia, pwogrè ap mache.”

An rekonesans a desizyon sa a ak Wikenn Fyète Vil New York, Gouvènè a te mande pou limyè sou somè 408 pye kare Yon World Trade Center limen nan limyè aksansyèl nan dimanch swa, 28 jen.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418